

TRAVAY AN FRANS: KI DWA MWEN GENYEN?




KÈLKESWA SITIYASYON W, OU GEN DWA AN FRANS

Yo dwe **peye w chak mwa**



Ou pa ka travay **plis pase 6 jou pa semèn**




Ou pa ka travay **plis pase 10 èdtan pa jou**



Lè w gen yon kontra travay alekri, sa
pwoteje w!

**Atansyon, yo pa dwe vann yon kontra
travay e w pa ka achte l nonplis !**

Kantite salè minimòm lan se apeprè **1443
ewo anvan enpo/mwa* pou 35 èdtan pa
semèn (12.02 ewo anvan enpo/èdtan)**



** An 2026. Li ogmante chak ane. Li te
1,426 ewo nan 2025*

Eksepte pou si se pou lojman w *, patwon w **pa
ka kenbe yon pòsyon nan salè w pou yon
sèvis yo ba ou oswa yon erè w fè**



**Si w gen dout sou kantite lajan an, chèche
konsèy nan enspeksyon travay la*


Menm si w pa gen rezidans, ou ka:

- Jwenn **swen nan lopital**
- Pote **plent bay lapolis**
- Kontakte **enspeksyon travay la**



KONSÈY

- **Kenbe pyès idantite w yo avèk ou epi fè
fotokopi yo**
- **Louvri yon kont labank nan non w**



Asire w ou **gen aksè ak kondisyon travay
ak yon vi ki respekte diyite w** (repa, douch,
dlo cho, chofaj, elatriye). Santi w lib pou w
poze **kesyon byen presi.**

Si yo bay lojman, **li dwe nan bon
kondisyon.**



**Èske yo pa respekte dwa sa yo ?
Èske w sibi menas oswa vyolans
nan espas travay la? Èske w santi w
oblije dakò pou w fè bagay yo?**

Mande èd !



169Bis Bld Vincent Auriol
75013 Paris



01.44.52.88.90



info@ccem.org

www.esclavagemoderne.org